

## MEMORANDÒM

**POU:** Komite Lekòl

**DE:** Dr. [Silvia Romero-Johnson](#)

**CC:** Sipèntandant Brenda Cassellius  
Chef Ekip Mary Dillman  
Konseye Prensipal Megan Costello

**DAT:** 19/5.2021

**RE:** 26/5/2021 Prezantasyon Komite Lekòl sou Notasyon

---

Kòm yon distri, n ap travay anvè chanje politik nou sou notasyon pou asire nou genyen pratik notasyon ki konsistan nan tout distri a. Nan konsantre sou pratik notasyon ki ekitab, nou kapab pi byen asire mak yo bay yon reprezantasyon presi sou aprantisaj elèv nan tout distri a. Nan jou 26 Me a, nou pral prezante yon rezime travay la jiska prezan konsènan politik BPS sou notasyon ak kanè nòt yo. Nou pral diskite enkyetid nan tout distri a konsènan varyabilite a ant pratik notasyon andedan kou ant lekòl diferan. Nou pral revize angajman an jiska prezan, tankou gwoup travay lidè lekòl ak fidbak nan men BSAC, ak travay ki fèt atravè gwoup travay notasyon an. Prezantasyon an pral fini nan trase plan nan pou modifye pratik notasyon aktyèl yo fe yo pratik ki pi ekitab, ak yon konsantrasyon sou re-aliyman ak estanda yo nan Kad MA a ak notasyon ki baze sou estanda nan ane K a 5. An plis de sa, nou pral dekri travay ki pou fèt lòt ane atravè yon lidè lekòl PLC sou kijan pou nou aliyen travay sa a nan tout distri a.